



**KIJAN POU NOU EVITE TRAPE
NOUVO KOWONAVIRIS 2019**

COVID-19

**1– Toujou lave men nou ak savon
ak dlo**



**2– kouvri bouch nou ak nen nou lè n ap
touse oswa estènen**



**3– Evite kole ak mounn ki mal pou respire
kap touse epi kap estene.**



**4 - Evite manyen bouch nou, je nou ak
nen nou**



**KISA NOU DWE KONNEN SOU NOUVO
KOWONAVIRIS 2019 (COVID-19)**



DEFINISYON

Nouvo Kowonaviris 2019 yo fè pati yon gwo fanmi viris ki bay maladi rim e ki ka bay lòt maladi ki pi grav, tankou Maladi Souf Kout la ki soti nan Azi.

KIJAN MOUN KA TRAPE KOWONAVIRIS ?

- Nouvo kowonaviris 2019 la se yon zowonoz ki vle di ke bèt ka bay moun li, epi moun ka bay moun li tou.
- Moun ka simaye maladi a lè yap:
- Pale
- Estènen
- Touse
- Lew ret tou pre moun nan ...

SIY AK SENTÒM

- Fyèb
- Tous
- Etoufman ak difikilte pou respire/Etoufman

DIFERANS ANT GRIP NÒMAL AK NOUVO COVID-19

- Pa gen yon gwo diferans ant yon grip nòmal ak kowonaviris. Nan ka kowonaviris la gen anviwon 2% moun ki mouri.
- Anviwon 80% moun ki malad yo pa gen gwo siy maladi saa , sa vle di yo ka pa menm konnen si yo gen kowonaviris .
- Anviwon 15% moun gen siy modere.

- Anviwon 5% moun sèlman ka bezwen kouche lopital paske yo malad grav .
- Dapre etid ki fèt sou maladi saa anviwon 2% moun rive mouri de konplikasyon yo.
- Moun ki granmoun anpil , moun ki gen maladi ki fè sistèm kò yo febli pi vilnerab a Kowonaviris la.

KONPLIKASYON

- Nemoni grav
- Maladi souf kout
- Plizyè ògan nan kò a ka febli

TRÈTMAN

- Yon moun ki malad ka resevwa medikaman pou trete siy ak sentòm yo ki se ka fyèb, tous, souf kout.
- Si ou sispèk yon moun ki gen COVID-19 mande'l pou li pran prekosyon pou li pa bay lòt moun maladi a , pou li rete nan yon kote ki izole, pou li kontakte yon lopital oswa sant sante ki pi pre a.
- Pou kounye a poko genyen yon trètman pou enfeksyon ak nouvo Kowonaviris 2019 la. Men pifò moun ki gen siy ak sentòm yo refè pou kont yo.

